



Pou Piblikasyon Imedya: 16/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRAM  
VAKSINASYON ETA A**

*Jiska 11 AM jodi a, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 92% nan premye total dòz yo te resevwa nan men Gouvènman Federal la Nouvèl repatisyon demografik nan pousantaj akseptasyon vaksen an*

[Tablodò Vaksen an](#) pral ajou chak jou pou bay mizajou sou pwogram vaksinasyon eta a; ale sou [ny.gov/vaccinetracker](https://ny.gov/vaccinetracker); Tablodò a genyen ladan l done demografik kounye a

Gouvènè Cuomo bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogram vaksinasyon eta a. Jiska 11AM jodi a, sit distribisyon swen sante New York yo te resevwa 2,192,675 premye dòz epi yo te bay 92 pousan oswa 2,024,225 premye dòz vaksinasyon ak 87 pousan premye ak dezyèm dòz yo. Alokasyon semèn 10 gouvènman federal la kòmanse nan mitan semèn sa.

"Nou konnen vaksen an se zam ki ap genyen lagè kont COVID la epi nou ap fè tout sa nou kapab pou mete piki yo nan bra yo pi rapidman posib pandan nou ap kontinye priyore aksè ak ekite pou kominote ki defavorize yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Plis pase yon milyon Nouyòkè te pran konplètman vaksen kont viris COVID la epi sa se bon nouvèl, men nou pap kanpe jiskaske chak Nouyòkè genyen opòtinite pou pran vaksen an. Chif yo pwouve efò vaksinasyon nou yo ap mache epi nou kòmanse aleje kounye a restriksyon yo nan tout Eta a - sèl limit nou kontinye rete founiti federal yo. Mwen gen konfyans ke nou pral kontinye wè yon ogmantasyon nan founiti chak semèn yo avèk nouvo lidèchip ki nan Washington lan, men jiskaske sa fèt Nouyòkè yo dwe jwe wòl pa yo a epi yo dwe rete vijilan epi nou pral konbat pou plis founiti."

Anplis, Gouvènè a te pibliye dènye done demografik yo nan tout Eta a:

	Rejyon Kapital	New York Santral	Finger Lakes	Long Island	Mid-Hudson	Mohawk Valley	NYC	North Country	Southern Tier	West Ne Yo
<b>Ras</b>										
Blan	92.4%	93	90.9%	82.5%	84.1%	96.9%	58.0%	97.0%	95.0%	91.6%
Afriken Ameriken	3.3%	2.6%	4.7%	5.3%	6.7%	1.5%	14.4%	0.7%	2.1%	3.8%

Azyatik	2.9%	2.0%	2.3%	8.7%	5.4%	1.0%	19.9%	0.7%	2.0%	2.0%
Lòt Bagay	0.3%	1.0%	0.6%	0.8%	0.7%	0.2%	1.5%	0.4%	0.3%	1.1%
Te bese	1.0%	1.1%	1.5%	2.7%	3.0%	0.3%	6.1%	1.1%	0.6%	1.5%
<b>Referans rejyonal (% nan popilasyon ki elijib)</b>										
Blan	91.6%	90.8%	88.5%	82.2%	80.3%	95.3%	52.1%	96.1%	92.6%	88.4%
Afriken Ameriken	5.1%	6.0%	8.6%	10.9%	13.4%	2.7%	30.6%	1.4%	3.5%	8.9%
Azyatik	2.4%	2.4%	2.1%	5.6%	4.6%	1.3%	14.3%	1.2%	3.0%	1.8%
Lòt Bagay	0.9%	0.8%	0.9%	1.2%	1.6%	0.8%	3.0%	1.2%	0.9%	0.8%
<b>Etnisite</b>										
Ispanik oswa Latino	1.7%	1.3%	2.8%	6.8%	8.4%	2.4%	16.0%	0.9%	1.4%	1.9%
Pa Ispanik oswa Latino	96.6%	96.7%	95.4%	90.5%	89.5%	97.1%	81.2%	96.7%	97.5%	96.8%
Te bese	1.7%	1.9%	1.8%	2.6%	2.1%	0.5%	2.8%	2.4%	1.1%	1.3%
<b>Referans rejyonal (% nan popilasyon ki elijib)</b>										
Ispanik oswa Latino	2.5%	2.0%	3.5%	11.5%	12.9%	2.7%	24.1%	1.4%	2.2%	2.3%
Pa Ispanik oswa Latino	97.5%	98.0%	96.5%	88.5%	87.1%	97.3%	75.9%	98.6%	97.8%	97.7%

Anwiwon 10 milyon Nouyòkè elijib kounye a pou resevwa vaksen an. Gouvènman federal la te ogmante apwovizyonman pa semèn nan a plis pase 20 pousan pou twa semèn k ap vini yo, men gran rezo distribisyon New York ak gwo popilasyon moun ki elijib a toujou lajman depase apwovizyonman k ap soti nan gouvènman federal la. Piske apwovizyonman an limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

Yo te mete zouti evalyasyon '[Am I Eligible](#)' (Èske Mwen Kalifye) a ajou pou moun ki gen komòbidite ak pwoblèm ki akonpaye yo avèk nouvo randevou yo ki te pibliye sou yon baz kontinyèl pandan semèn k ap vini yo. Apati semèn pwochèn lan, depatman sante

lokal yo pral resevwa alokasyon vaksen tou pou moun sa yo. Nouyòkè yo ka itilize sa ki annapre yo pou montre ke yo kalifye:

- Lèt doktè, oswa
- Enfòmasyon medikal ki pwouve komòbidite a, oswa
- Sètifikasyon ki siyen

Chif pwogram vaksinasyon ki anba yo se pou dòz ki distribye epi livre nan New York pou pwogram vaksinasyon an, e yo pa genyen ladan yo sa ki rezève pou pwogram Etablisman Swen Alontèm gouvènman federal la. Men yon repatisyon done sou baz kantite ki repòte bay Eta New York a 11 AM jodi a. Alokasyon total semèn 9 la gen ladan l kèk dòz vaksen anplis tou ke nou te redistribye nan pwogram Etablisman Swen Alontèm federal la.

### **REPATISYON NAN TOUT ETA A**

Premye Dòz yo Resevwa - 2,192,675

Premye Dòz yo Administre - 2,024,225; 92%

Dezyèm Dòz yo Resevwa - 1,178,350

Dezyèm Dòz yo Administre - 900,303

<b>Rejyon</b>	<b>Kantite Dòz yo Resevwa Ototal (1ye ak 2yèm)</b>	<b>Kantite Dòz yo Administre Ototal (1ye ak 2yèm)</b>	<b>% Total Dòz yo Administre/Resevwa (1ye ak 2yèm)</b>
Capital Region	214,270	178,704	83%
Central New York	175,975	154,846	88%
Finger Lakes	202,135	183,293	91%
Long Island	418,005	372,856	89%
Mid-Hudson	316,155	256,032	81%
Mohawk Valley	95,255	76,771	81%
New York City	1,518,190	1,295,057	85%
North Country	104,715	101,781	97%

Southern Tier	105,035	99,349	95%
Western New York	221,290	205,839	93%
Nan tout Eta a	3,371,025	2,924,528	87%

	1ye dòz yo livre konplètman bay New York pou Sit Distribisyon Swen Sante yo	2yèm dòz yo livre konplètman bay New York pou Sit Distribisyon Swen Sante yo	Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, TOTAL)	KIMILATIF
<b>Semèn 1</b> Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20	90,675	0	90,675	Pa Aplikab
<b>Semèn 2</b> Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	392,025	0	392,025	482,700
<b>Semèn 3</b> Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03	201,500	0	201,500	684,200
<b>Semèn 4</b> Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10	160,050	90,675	250,725	934,925
<b>Semèn 5</b> Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17	209,400	45,825	255,225	1,190,150
<b>Semèn 6</b> Dòz k ap vini nan	250,400	428,100	678,500	1,868,650

dat 01/18 - 01/24				
Semèn 7 Dòz k ap vini nan dat 01/25 - 01/31	250,400	160,450	410,850	2,279,500
Semèn 8 Dòz k ap vini nan dat 02/01 - 02/07	320,525	208,800	529,325	2,808,825
Semèn 9 Dòz k ap vini nan dat 02/8 - 02/14	317,700	244,500	562,200	3,371,025

Jiskaprezan, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 92 pousan premye dòz ke yo te resevwa nan men gouvènman federal la men akòz repatisyon limite gouvènman federal la, randevou yo te ranpli byen vit. Pou ou detèmine si ou elijib ak pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas Eta a jere, ou ka vizite sitwèb '[Èske M Elijib \(Am I Eligible\)](#)' a. Nouyòkè yo kapab rele depatman sante, famasi, doktè, oswa lopital lokal yo pou yo jwenn plis enfòmasyon ak pou yo pwograme randevou yo kote vaksen yo disponib.

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou reflète mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan [STOPVAXFRAUD@health.ny.gov](mailto:STOPVAXFRAUD@health.ny.gov). Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans investigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki kalifye a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)